



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 14/09/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ÒDONE DIVIZYON BIDJÈ ETA NEW YORK LAN POU SIYEN
MEMORANDÒM KONPREYANSYON \$2 MILYA DOLA A POU LOJMAN AK
SANZABRI YO**

Gouvènè Andrew M. Cuomo te òdone jounen jodi a Robert Mujica, ki se Direktè Divizyon Bidjè Eta New York lan, pou ekzekite yon memorandòm konpreyansyon pou debloke \$2 milya dola nan finansman pou fè avanse kreyasyon de plis pase 100,000 lojman a pri abòdab epi pou sipò pandan senk pwochè ane yo. Akò ke yo ekzekite an li kounye a devan Sena ak Asanble Eta New York yo pou aksyon.

“Akò sa make yon pa annavan enpòtan nan jefò konpreyansif eta yo pou konbat kriz sanzabri ak lojman a pri abòdab lan nan New York,” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Nan fè avanse pi gwo angajman leta anvè lojman sipò epi a pri abòdab yo, de santèn milye Nouyòkè pral kapab jwenn yon kote sekirize pou yo rele lakay yo. Mwen mande Kò Lejislatif Eta a pou vin rejwenn mwen nan jefò sa, epi siyen Memorandòm Konpreyansyon an pou nou kapab reyalize konplètman avantaj transfòmasyonèl yo ke investisman istorik sa pral pote pou abitan ki pi vilnerab nan New York yo.”

Nan diskou Eta 2016 li an, Gouvènè Cuomo te mete devan yon gwo dosye, plan \$20 milya dola pou konbat sanzabri, epi elaji aksè a lojman a pri abòdab nan Eta New York. Apwouvasyon MOU an pa Sena ak Asanble Eta New York yo pral pèmèt reyalizasyon rapid plan 5 an Gouvènè an. Inisyativ konpreyansif sa gen ladan \$10 milya dola ki konsakre pou kreyasyon ak prezèvasyon 100,000 lojman a pri abòdab, ak \$10 milya dola ki konsakre pou abòde pwoblèm sanzabri yo nan devlope 6,000 nouvo lojman sipò pèmanan ak 1,000 kabann ijans, epi ofri yon kantite sèvis elaji pou sanzabri. MOU an, ki te siyen jounen jodi a, make yon pa annavan enpòtan nan objektif global eta a pou asire ke tout Nouyòkè yo gen yon kote sekirize, a pri abòdab, ke yo ka rele lakay yo. Akò tout pati yo pou MOU an pral debloke antou \$2 milya dola nan finansman apwopriye nan Bidjè Eta 2016-17 lan pou fè kreyasyon nouvo lojman sipò epi a pri abòdab nan New York.

Konbine ansanm ak MOU ke yo te apwouve dènyèman, resous nou pral site la yo disponib:

- **Nouvèl Konstwiksyon:** Jiska \$1.4 milya dola pou kapab sipòte kreyasyon nouvo lojman atravè yon seri espas jewografik ak popilasyon yo, sa enkli tou nouvo investisman enpòtan pou kapab kreye lojman pou granmoun aje yo, lojman moun salè mwayen, ansanm ak lojman sipò yo atravè eta a.

- **Prezèvasyon**: Jiska \$565 milyon dola pou kapab elaji pri abòdab lojman ki ekziste nan tout eta a, epi kreye yon pwogram finansman gwo anvègi ki sipòte espesifikman atou tankou otorite lojman piblik yo nan kominote rejyon nò yo. Jiska \$100 milyon dola nan finansman pral konsakre pou pwojè ak amelyorasyon yo ki an rapò ak NYCHA (NYC Housing Authority) ke leta apwouve. Se yon ajou sou \$100 milyon dola nan finansman aktyèl eta pou NYCHA.
- **Akizisyon Pwopriyete**: Jiska \$54 milyon dola pou bay opòtinite pou nouvell akizisyon ak pèmanans akizisyon pwopriyete yo atravè eta a, ki gen ladan nouvo pwogram kay ak pwogram kay manifaktire yo, ansanm ak jefò pou kapab kontinye estabilize kominote yo ki afekte pa kriz konfiskasyon an.
- **Revitalizasyon Katye yo**: Jiska \$10 milyon dola pou investisman pèmanan nan anba lavil nou yo ak vilaj nou yo atravè eta a.

###

W'ap jwenn lòt nouvell ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418